



## Tès rapid pou bon mezi

Kask ou an ta dwe pase chak 4 etap sa yo. Fè yon lòt moun teste mezi kask ou an. Kòmanse pa mete kask ou an epi pase bann yo kounye a.

- ✓ Kask lan kouvri fwon w kote ou ka sèlman mete mezi de dwèt ant pwent sou devan kask lan ak sousi w yo.
- ✓ Kask lan pa bouje lè ou souke tèt ou pou di "non" osi fò ke posibil.
- ✓ Kask lan pa deplase lè ou mete yon men sou chak bò kask lan epi ou souke l de yon bò a yon lòt.
- ✓ Kask la desann lè ou ouvri bouch ou osi gran ke posibil.



## Règleman Wout la

- Obeyi lwa trafik ak siyal yo.
- Toujou woule bisiklèt la sou bò DWAT ak trafik la.
- Woule bisiklèt nan yon sèl liy youn dèyè lòt.
- Toujou gade dèyè lè w ap chanje liy.
- Fè atansyon ak bagay danjre sou wout la.
- Kanpe nan tout siy ki di KANPE ak nan tout limyè trafik.
- Fè siyal a men w anvan ou fè yon koube.
- Kenbe kontwòl bisiklèt ou a. Pa eseye ap fofile nan mitan machin ki estasyon.
- Monte bisiklèt la a yon distans omwen 3 pye de machin ki estasyon.
- Koute lè machin ap apwoche vini.
- Pa mete ekoutè nan zòrèy ou.

### Rules of the Road

- ✓ Obey traffic laws and signals.
- ✓ Always ride on the RIGHT with the traffic.
- ✓ Ride single file.
- ✓ Always check behind you when changing lanes.

**METE YON KASK POU BISIKLÈT NENPÒT LÈ W AP MONTE BISIKLÈT!**



Beth Israel Deaconess  
Medical Center

Ti bwochi sa a devlope avèk kolaborasyon epi ak lajan Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), Region 1 Office, Cambridge, MA

**Nou ba w Pèmasyon pou repwodwi enfòmasyon sa a depi ou bannou kredi pou sa.**

## Bike Safety

Haitian Creole Language

# Sekirite Bisiklèt

"Moman ou ka anseye"

